

## FRÈ

### Frè Enskripsyon (Pa inite)

- Frè inisyal \$25
- Frè renouvèlman \$15
- Frè maksimòm pou chak batiman \$2,500
- Frè maksimòm pou chak konplèks \$5,000 (Yon konplèks vle di de oswa plis batiman sou menm pasèl la.)

### Frè Enspeksyon (Pa inite)

- Batiman ki gen 1 a 3 inite \$50
- Batiman ki gen 4 inite oswa plis \$75

### Frè enspeksyon altènatif pou 5 lane

- \$50 pou premye inite nan pwopriyete a
- \$10 pou chak inite adisyonèl
- Frè maksimòm pou chak batiman: \$3,000
- Frè maksimòm pou chak konplèks: \$6,000

### Frè pou anrejistre enspeksyon prive (Pou chak rapò)

Enspektè otorize \$15

Boston Housing Authority/Metropolitan Boston Housing Partnership \$15

### FRÈ YO PA RANBOUSAB.

#### Ekzanpsyon

- Pwopriyete ki pou ajans federal, eta, oswa ajans lokal yo
- Kay ki lwe pa chanm ke vil la bay yon lisans lojman valab

## BENEFIS

- Asire inite lokasyon yo satisfè kondisyon minimòm kòd lojman yo
- Enstwi pwopriyete yo sou kòd lojman eta ak lokal yo
- Ede vil la kontakte w nan ka yon ijans nan pwopriyete w la
- Amelyore kalite lokasyon rezidansyèl yo nan vil Boston

Pou kondisyon enskripsyon yo, vizite:  
[www.boston.gov/rental-registration](http://www.boston.gov/rental-registration)

Lè Ouvrab:

Lendi a Vandredi, **8è nan maten jiska 4è nan aprè midi.**



# PWOGRAM ENSKRIPSYON AK ENSPEKSYON POU LOKASYON

*Promosyon Lojman an Sekirite e Sanitè*



<https://bit.ly/RentalRegulation>



[isd@boston.gov](mailto:isd@boston.gov)



617-635-5300

CITY of BOSTON  
4205-01



Inspectional Services

## ENSKRIPSYON

Òdonans enskripsyon ak enspeksyon lokasyon an etabli pou asire ke chak rezidan nan Boston viv nan yon lojman ki an sekirite e sanite. Pwogram nan divize ant de kondisyon: enskripsyon ak enspeksyon.

Pwopriyete yo dwe anrejistre tout pwopriyete lokasyon yo chak ane ant 1ye janvyè rive 1ye jiyè. Pwopriyete yo ka anrejistre pwopriyete lokasyon yo sou entènèt

[www.boston.gov/rental-registration-portal](http://www.boston.gov/rental-registration-portal).

Pou anrejistre, pwopriyete yo dwe bay enfòmasyon sa yo:

- Adrès pwopriyete a
- Enfòmasyon kontak pwopriyete a
- Yon ajan lokal, si pwopriyete a abite andeyò Massachusetts
- Kantite inite total na batiman an

Enskripsyon yo dwe renouvle chak ane anvan 1ye jiyè. Pwopriyete ki gen sis inite oswa mwens epi pwopriyete a abite ladan dwe anrejistre chak lane men yo egzante de frè anregistrasyon ak egzijans enspeksyon an.

## PENALITE

Si ou pa respekte dispozisyon òdonans sa a, w ap peye yon **amann \$300 pa mwa pou chak propriyete**

## KONSÈY POU PROPRIYETÈ

Biwo Majistra pou Lojman an ofri sipò pou pwopriyete nan Boston ki gen nèf inite oswa mwens, pou ti pwopriyete ki fè fas ak pwoblèm avèk lokatè ki gen restriksyon revni oswa ki vilnerab. Pou plis enfòmasyon rele (617) 635-4200.

Tout inite lokasyon prive nan vil la ki pa egzante pral sijè yon enspeksyon lokasyon aktif omwen yon fwa chak 5 lane.

Depatman Sèvis Enspeksyon an pral kontakte pwopriyete yo alekri pou detaye opsyon pou satisfè egzijans enspeksyon an. Pwopriyete yo ka fè sa ki anba yo:

- Mande yon enspeksyon nan men yon enspektè lojman ISD;
- Anboche yon enspektè prive otorize pa ISD pou fè enspeksyon lokasyon;
- Bay rapò ki montre ou pase enspeksyon ki soti nan Boston Housing Authority oswa Metro-politan, Boston Housing Partnership; oswa
- Mande yon plan enspeksyon altènatif pou 5 lane.
- Ou gen 30 jou pou reponn ak Avi Seleksyon an.

Plan 5 lane a egzante pwopriyete yo nan kèk kondisyon enspeksyon yo, men opsyon sa a sèlman akòde ak pwopriyete ki abitye konfòme yo ak règleman eta ak vil yo.

## Kesyon Yo Poze Souvan

### Èske mwen bezwen anrejistre pwopriyete lokasyon mwen an?

Wi. Tout pwopriyete lokasyon nan Vil Boston dwe anrejistre chak ane nan mwa Jiyè pou pita. Pwopriyete ke mèt yo abite ladan yo e ki gen sis inite oswa mwens pap peye frè enskripsyon yo men yo dwe anrejistre chak lane.

### Mwen pa t resevwa yon fakti pou frè anregistrasyon yo.

Kounye a, Vil la pa voye fakti pou enrejistre lokasyon. Se responsablite pwopriyete a pou l anrejistre nan dat delè 1ye jiyè a chak ane.

### Mwen abite nan pwopriyete a. Èske mwen bezwen anrejistre?

Wi, ou bezwen anrejistre. Si pwopriyete a gen sis inite lokasyon oswa mwens, ou pap peye frè enskripsyon an.

### Mwen lwe lokasyon komèsyal. Èske mwen bezwen anrejistre?

Non, egzijans enskripsyon lokasyon an aplike sèlman pou inite lojman, pa komèsyal.

### Èske mwen ka anrejistre epi peye sou entènèt?

- Ou dwe anrejistre pwopriyete w la sou entènèt.
- Tout frè yo ka peye sou entènèt